

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Dina ieu bab nu nyusun baris ngajéntrékeun kacindekanana, sabada nu nyusun niténan tur nganalisis pamanggih-pamanggih nu kapanggih dina hasil panalungtikan. Anapon kacindekanana nya éta saperti ieu di handap:

1. Prak-prakan tradisi kawinan di Désa Cigugur Girang sarua jeung prak-prakan tradisi kawinan di daerah Sunda séjénna. Anapon runtusan acara dina tradisi kawinanna nya éta dimimitian ku acara ngalamar atawa nyeureuhan. Nincak kana upacara tradisi kawinan dimimitian ku acara ngeuyeuk seureuh, seserahan(nyérénkeun calon pangantén lalaki jeung nyérénkeun barang-barang bawaan seserahan), nampi (narima calon pangantén lalaki jeung narima barang-barang bawaan seserahan), upacara akad nikah, upacara nyawér, upacara nincak endog, upacara buka pintu, jeung dipungkas ku upacara huap lingkung.
2. dina ieu panalungtikan kapanggih 59 simbol nu disurahan hartina atawa ma'na anu dikandungna. Tina 59 simbol, 7 aya dina upacara ngalamar, 28 aya dina upacara ngeuyeuk seureuh, 2 aya dina upacara seserahan, 3 aya dina upacara akad nikah, 7 aya dina upacara nyawér, 7 aya dina upacara nincak endog, 2 aya dina upacara buka pintu, jeung tilu aya dina upacara huap

lingkung. Simbol-simbol éta aya dina kalengkepan upacara jeung dina paripolah nalika upacara. Tina simbol-simbol nu nyampak atawa nu kapanggih dina upacara tradisi kawinan bisa dicindekeun ampir sakabéhna simbol ngandung ma'na pépéling atawa pituah ka pangantén dina nyanghareupan rumah tangga sangkan meunang kabagjaan jeung katentremanan, boh di dunya boh di ahérat.

5.2. Saran

Sanggeus réngsé nalungtik upacara tradisi kawinan di Désa Cigugur Girang, Kacamatan Parongpong, Kabupatén Bandung, karasa loba pisan mangpaatna. Dipiharep hasil ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban kajembaran tradisi-tradisi nu aya di tatar Sunda hususna di Kabupatén Bandung, sarta bisa dijadikeun bahan pangajaran Kajian Budaya Sunda. Dina ieu panalungtikan loba pisan simbol anu can kaguar. Ku kituna dipiharep pikeun panalungtik satuluyna bisa medar ngeunaan simbol jeung ma'na na nepi ka bubuk leutikna.